# मैथिली

## प्रश्न-पत्र–I

## ( साहित्य )

समय : तीन घंटा

पूर्णाङ्क : 250

### प्रश्न-पत्र विषयक विशेष निर्देश

### प्रश्नक उत्तर लिखबाक पूर्व कृपया निम्नलिखित निर्देशकेँ सावधानीपूर्वक पढ़ि लियऽ

एतय दू खण्ड (Section)मे विभक्त कुल **आठ** प्रश्न अछि।

अभ्यर्थी कुल **पाँच** प्रश्नक उत्तर देथि।

प्रश्न संख्या **1** तथा प्रश्न संख्या **5** अनिवार्य अछि। शेष प्रश्नमेसँ **तीन** प्रश्नक उत्तर लिखू, जाहिमे प्रत्येक खण्ड (Section)सँ कम-सँ-कम **एक** प्रश्नक चयन आवश्यक अछि।

प्रश्न/खण्डक निर्धारित अंक ओकरा समक्ष निर्दिष्ट कयल गेल अछि।

उत्तर **मैथिलीमे** लिखब अनिवार्य अछि।

जतय निर्दिष्ट हो, शब्द-सीमाक अनुपालन अपेक्षित अछि।

उत्तरित प्रश्नक गणना क्रमानुसार कयल जायत। यदि काटल नहि गेल हो, तँ अंशतः लिखित उत्तरोकेँ गणना कयल जायत। प्रश्न-सह-उत्तर पुस्तिकाक कोनो रिक्त पृष्ठ अथवा कोनो पृष्ठक रिक्त भागकेँ अवश्य काटि दी।

# MAITHILI

## PAPER—I

## ( LITERATURE )

Time Allowed : Three Hours

Maximum Marks : 250

### QUESTION PAPER SPECIFIC INSTRUCTIONS

### Please read each of the following instructions carefully before attempting questions

There are EIGHT questions divided in two Sections.

Candidate has to attempt FIVE questions in all.

Question Nos. **1** and **5** are compulsory and out of the remaining, THREE are to be attempted choosing at least ONE from each Section.

The number of marks carried by a question/part is indicated against it.

Answers must be written in MAITHILI.

Word limit in questions, wherever specified, should be adhered to.

Attempts of questions shall be counted in sequential order. Unless struck off, attempt of a question shall be counted even if attempted partly. Any page or portion of the page left blank in the Question-cum-Answer Booklet must be clearly struck off.

## SECTION—A

**1.** निम्नलिखित विषय पर टिप्पणी लिखू (लगभग *150* शब्द धरि) : 10×5=50

*(a)* मैथिली भाषाक महत्त्व ओ वैशिष्ट्य

*(b)* पाणिनि ओ मैथिली व्याकरण

*(c)* प्राकृतक भेद ओ अपभ्रंशक विशेषता

*(d)* दीनबन्धु झाक व्याकरणक उपादेयता

*(e)* मैथिली भाषाक उद्‌गम पर प्रकाश

**2.** *(a)* भारतीय आर्यभाषाक विकासक्रमसँ परिचय कराउ। 20

*(b)* मध्यकालीन आर्यभाषाक विशेषताक विवेचन ओ विश्लेषण करू। 15

*(c)* नवीन भारतीय आर्यभाषा-मध्य मैथिलीक स्थान निरूपित करू। 15

**3.** *(a)* भाषा-विज्ञानक आकृतिमूलक वर्गीकरण करैत ओकर उपयोगिता सिद्ध करू। 20

*(b)* मैथिली भाषाक विकासमे अवहट्ठक महत्त्वक मूल्यांकन करू। 15

*(c)* तिरहुता लिपिक विकासक्रमक ऐतिहासिक विवरण ओ साहित्यिक महत्त्वक विश्लेषण करू। 15

**4.** *(a)* भाषा एवं बोलीमे अन्तर स्पष्ट करैत बोलीकेँ भाषा बनबाक कारणक उल्लेख करू। 20

*(b)* पूर्वाञ्चलीय भाषा साहित्यमे मैथिली, बंगला ओ असमियाक साम्य ओ वैषम्यक विश्लेषण करू। 15

*(c)* मैथिलीक विभिन्न बोलीसँ परिचय कराउ। 15

## SECTION—B

**5.** निम्नलिखित विषय पर टिप्पणी लिखू (लगभग *150* शब्द धरि) : 10×5=50

*(a)* मैथिलीमे सिद्धसाहित्यक महत्त्व

*(b)* ज्योतिरीश्वरक काल निर्धारण

*(c)* मैथिली लोकगीत ओ लोकगाथा

*(d)* मैथिली साहित्यक विकासमे 'मिथिला मिहिर'क योगदान

*(e)* महाकवि विद्यापतिक लोकप्रियताक कारण

6. *(a)* मैथिली साहित्यक पृष्ठभूमिमे मिथिलाक सामाजिक ओ सांस्कृतिक जीवनसँ परिचय कराउ। 20

*(b)* कवीश्वर चन्दा झा ओ लालदासक रामायणक तुलनात्मक विवेचन करू। 15

*(c)* "'दत्तवती' महाकाव्य थिक"—सोदाहरण प्रमाणित करू। 15

7. *(a)* मैथिली साहित्यक काल-विभाजनक प्रसंग विभिन्न विद्वानक मतक समीक्षा करू। 20

*(b)* मिथिलाक मध्यकालीन नाटकक वैशिष्ट्य पर प्रकाश दिअ। 15

*(c)* मैथिलीक यात्रा साहित्यक स्थिति पर विचार करैत सुभद्र झाक योगदानक महत्त्व पर प्रकाश दिअ। 15

8. *(a)* नारी जागरणक पृष्ठभूमिमे रचित किछु प्रमुख मैथिली उपन्याससँ परिचय कराउ। 20

*(b)* आधुनिक मैथिलीक काव्यधाराक प्रमुख प्रवृत्तिसँ परिचय कराउ। 15

*(c)* मैथिली बाल-साहित्यक भूत-वर्तमान ओ भविष्यक प्रसंग पर तथ्यात्मक विचार प्रकट करू। 15

★ ★ ★